

**Pwotokòl Akò**  
**Ant**  
**Komite Lekòl Vil Boston**  
**Ak**  
**Sendika Lokal (Local Union) No. 1952, Pent ak Metye Konèks yo**  
**Konsèy Distri a No. 35**

Pwotokòl Akò (“Akò”) sa fèt jou \_\_\_ Novanm 2022 sa ant Komite Lekòl Boston nan ak Sendika Lokal No. 1952, Pent ak Metye Konèks yo, Konsèy Distri No. 35 (“Sendika”). Akò sa se sou kondisyon epi li sijè ak ratifikasyon manm sendika a, apwobasyon Komite Lekòl Boston nan, ak apwopriyasyon adisyonèl ak Konsèy Vil nan Vil Boston nan.

Eksepte nan ka modifikasyon eksprè Akò sa, tèm ak dispozisyon akò negosyasyon kolektiv pati yo ki anvigè soti 1ye Septanm 2017 jiska 31 Out 2020 an pral rete totalman an fòs ak anvigè soti 1ye Septanm 2020 jiska 31 Out 2023.

Sof dispozisyon kontrè, dispozisyon ki vini an apre yo ap antre an vigè imedyatman Sendika ratifye yo epi Komite Lekòl Boston nan apwouve yo.

**1. Atik VI: Salè ak To Pèman:**

a. **Seksyon 1:**

Ogmantasyon salè:

Ane 1 (Ane Fiskal 2021): 2% (retwoaktif) antre an vigè 01/09/2020

Ane 2 (Ane Fiskal 2022): 2,5% (retwoaktif) antre an vigè 01/09/2021

Ane 3 (Ane Fiskal 2023): 2,5% (pasyèlman retwoaktif) antre an vigè 01/09/2022

Salè retwoaktif la pa dwe gen ladan l salè anplwaye ki te revoke pou yon motif valab yo.

b. **Seksyon 1B:** Efase libele fòm fòfetè ki egziste a pou Egzèsis Fiskal 2010 la epi modifye li:

Manm inite negosyasyon ki te aktif pandan Ane Fiskal 2021-2022 a pral resevwa yon pèman fòfetè inik 1000 \$ pou travay yo te fè pandan pandemi COVID-19 la.

**2. Atik VII: Lè Travay yo:**

a. **Seksyon 1** (An vigè sou ratifikasyon):

- o Revize pou reflète semèn travay nòmal la soti Lendi rive Vandredi oubyen soti Madi rive Samdi, senk (5) jounen uit èdtan.

- o Lè Sezon Lete yo:

- Lè letè yo, pral kòmanse premye semèn konplè a aprè dènye jou lekòl la epi kanpe sèz (16) jou avan Fèt Travay la, ap yon ka travay uit èdtan tankou jan sa vini an apre a:

- Premye Ka Travay:

- 6:00am rive 2:00pm, ki gen ladan 1 ½ èdtan pou manje midi.
- Dezyèm Ka Travay:
- 2:30pm rive 10:30pm, ki gen ladan 1 ½ èdtan pou manje midi.

b. Seksyon 2:

- o Efase mo “Reglab” nan tit la.
- o Revize pou reflekte semèn travay nòmal la soti Lendi rive Vandredi oubyen soti Madi rive Samdi. Pati yo kapab mete yo dakò pou altène divès semèn travay.

3. **Atik IX: Jou konje yo:**

- Ajoute 19 Jen kòm jou konje; Chanje Jounen Kristòf Kolon an Jounen Pèp Otoktòn yo.

4. **Atik XI: Konje Maladi:**

a. Seksyon 1: Modifye an:

Yo dwe akòde tout anplwaye yo yon konje chak ane kenz (15) jou san yo pa pèdi pèman pou absans ki lakoz pa maladi oubyen blesi, oubyen ekspozisyon ak maladi kontajye.

Tout nouvo anplwaye yo akimile konje maladi a nan yon to yon jounen e ka (1 e 1/4) pa mwa. Pandan sis (6) premye mwa sivil anplwa yo a, anplwaye ki sou esè yo pral akimile konje maladi a nan yon to yon jounen ak yon ka (1 ak 1/4) jounen pa mwa men pa kalifye pou itilize konje maladi a pandan peryòd sa. Nan kòmansman setyèm mwa sivil anplwa a, anplwaye sa yo pral resevwa yon bank 7,5 jou maladi, ke yo kapab apre sa itilize epi pral kontinye akimile jou maladi nan to yon jounen e ka (1 e 1/4) jounen pa mwa jiska 1ye Septanm lè yo ap kredite yo avèk kenz (15) jounen maladi chak ane.

5. **Atik XXIII: Fòmasyon ak Egzamen Fizik yo:**

- Antretyen Menaje: Mete Ajou Atik la pou korije nimewo (XXXIII).

6. **Atik XXXVI: Ekip Travay yo:**

- a. Paragraf “e”: To reminerasyon ap antre an vigè 01/07/2023:
  - o Ogmante tarif Manm Ekip yo, Chèf Ekip, ak Chèf Ekip an Chaj la a 45\$ pa èdtan.
  - o Ogmante to Ponsaj Tanbou a 51\$ pa èdtan.

7. **Anèks A: Batiman Alokasyon**

- a. Seksyon “B3”: Modifye an:

Tout entèvyou yo pral fèt pa Direktè Lekòl batiman ak Direktè Adjwen Biwo Jesyon Etablisman yo, oubyen delege Direktè Adjwen an, toutotan yo pa nan yon pozisyon sendika. Yon gadyen sekirite pa kapab retire tèt li nan pwosesis rekritman aprè yo fin postile sou yon pòs.

Anplwaye yo chwazi pou travay nan batiman difisil yo pral sèvi pandan yon peryòd esè sis mwa, kòmanse nan premye jou afektasyon yo nan batiman difisil yo a. Yon Direktè Lekòl oubyen yon Jesyonè Etablisman yo kapab deside mete fen nan afektasyon anplwaye sa nan imèb difisil li a pandan peryòd esè sa. Si Distri a mete fen nan afektasyon yon anplwaye pandan peryòd esè sa, anplwaye a kapab chwazi retounen nan afektasyon avan li a.

Madison Park pral fè entèvyou avèk senk (5) kandida ki pi eksperimente pou postile pou pòs la.

- b. Seksyon “C”: Ajoute katriyèm paragraf:

4. Lekòl McCormick, Irving, Lyndon, Gavin, Boston High (Quincy Upper), ak O’Donnell yo pral genyen yon pòs Jinyò konvèti an pòs Senyò.

**Pou Sendika Lokal No. 1952,  
Pent ak Metye Konèks yo  
Konsèy Distri a No. 35**

**Pou Komite Lekòl Vil Boston nan, Pa ekip  
negosyasyon ki otorize selon fòm ki preskri  
yo:**

---

David Jelley,  
Prezidan

---

Philip Preskenis,  
Direktè Adjwen Jesyon Etablisman yo

---

Michael Lafferty  
Reprezantan Antrepriz Local No. 1952

---

Jeff Smith,  
Konseye Travay

---

Mary Skipper,  
Sipè-entandan an

